



# Pwogram Peyaj Biznis Distri Santral (Central Business District Tolling Program- CBDTP)


*Diminye Trafik, Amelyore Kalite Lè, Envesti nan Transpò Piblik*

Pwogram Peyaj Biznis Distri Santral (Central Business District Tolling Program- CBDTP) t ap diminye trafik la epi ede MTA amelyore sistèm transpò l. Machin k ap antre oswa ki rete nan biznis distri santral Manhattan (CBD) t ap peye. Etid avan yo montre pwogram ki parèy ak CBDTP kapab amelyore kalite lè a. Envesti nan yon sistèm transpò piblik amelyore ki kapab ede nan ankouraje ekite nan bay aksè ki pi laj nan sistèm lan. Dwe gen yon Evalyasyon Anviwònman tal gouvèman federal egzijè ki dwe fèt avan yon pwogram kòmansè e fini.

## Ki kote Biznis Distri Santral la ye?

CBD t ap kouvri 60th Street nan Manhattan ak tout roadways south of 60th Street, esepete pou:

- FDR Drive and West Side Highway/9A, ansanm avèk Battery Park Underpass ak pòsyon fas roadway Hugh L. Carey Tunnel ki konekte West Street la.



## Poukisa nou bezwen CBDTP?

- Blokis la bloke ri Manhattan yo pandan plizyè ane epi li vin pi mal, avèk plis pase 700 000 machin, avan pandemi an k ap antre CBD chak jou.
- Pandan trafik la diminye sèlman a 10 pousan de nivo nòmal li an 2020 akòz pandemi an, depi lè sa a li vin rebondi a yon nivo 90 % avan pandemi an, pi wo pase jan transpò piblik la monte.
- 2 milyon moun, oswa 43 pousan 4.7 milyon mendèv moun k ap viv nan Vil Nouyòk, ap travay nan CBD.
- American Lung Association's 2021 "State of the Air" rapòte plizyè lis nan rejyon metwo pami fè pati 15 polisyon ozòn ki pi mal nan Etazini.

Trafik la gentan retounen ap fonksyone plis pase 90 % **nivo li te avan pandemi an**

**Avan pandemi an, 260 milyon machin konn antre CBD chak ane**

## Pwofi Espere

- Diminye blokis
- Yon sou lajan regilye pou amelyore ak modènize wout tren, bis, ak wout ray nan zòn anwazinan MTA yo
- Amelyore kalite lè a
- Plis aksè pou moun ki gen fèb revni yo ak vizitè nan amelyore opsyon vwayaj yo

## Istwa

An Avril 2019 leta pwomilge Lwa Fonksyònman Trafik ak Refòm MTA (the Act), ki di MTA's Triborough Bridge and Tunnel Authority (TBTA) dwe fè, devlope konstwi ak jere CBDTP.

Pwochen etap la se yon Evalyasyon Anviwònmanal (EA), ki nesèsè nan kad yon pwosesis analiz anviwònmanal gouvènman federal pou gwo pwojè yo. EA pral gade enpak potansyèl CBDTP. Pwosesis EA a ap gen ladan l sansibilizasyon piblik. Si gouvènman federal apwouve pwogram lan, yo kapab reyalize l.

## Kijan yo t ap fiske peyaj yo?

Genyen de fason yo t ap fiske peyaj yo:

1. Lwa di CBDTP dwe:

- Fè machin pasaje yo peye sèlman yon fwa pa jou pou yo rantre oswa rete nan CBD a
- Fikse lè oswa jou pou chanje montan frè a (sa rele varyasyon frè)
- Bay moun k ap viv CBD yo ki fè mwens pase 60 000\$ yo pèmision pou yo jwenn yon nouvo kredi Fiskal Eta Nouyòk (New York State tax credit) pou frè CBD yo peye yo.
- Piga fè okenn machin ijans otorize peye ak piga fè okenn machin k ap transpòte moun ki gen andikap peye

2. Yon Komisyon Analiz Fonksyònman Trafik (TMRB) pral fè detèmine montan peyaj la bay Komisyon TBTA, avèk desizyon final li sou konbyen montan y ap peye a ap ye. TMRB dwe reflechi sou plizyè bagay anvan li detèmine montan y ap machin yo dwe peye yo, tankou:

- Kijan trafik la dwe fonksyone
- Enpak ak polisyon sou lè a
- Depans
- Enpak sou piblik la
- Sekirite

## Kijan moun yo ap peye epi kijan lajan an pral itilize?

- Moun yo ap an mezi pou yo itilize E-ZPass yo. Si yo pa gen E-ZPass, yo kapab itilize pwogram peyaj la pa lapòs, kote y ap voye pa lapòs yon bil avèk montan y ap peye a nan adrès kote machin yo a anrejistre a. N ap vini ak lòt posiblite yo yon lòt dat.
- Aprè yo fin peye pou depans CBDTP, yo t ap itilize 80 pousan nan kòb la pou amelyore ak modènize Transpò nan Vil Nouyòk (New York City Transit), pou wout tren yo ak bis yo, 10 pousan pou wout ray Long Island yo (Long Island Rail Road) ak 10 pousan pou Metro-North Railroad.

## Fè yo tande vwa w!

**Pou w konnen plis sou pwojè a ak kijan ou kapab patisipe ladan, oswa gade, 10 reyinyon piblik vityèl yo sou CBDTP, klike la: [new.mta.info/project/CBDTP](http://new.mta.info/project/CBDTP)**

**Pou w konnen plis sou kijan pou w patisipe nan pwojè a, oswa gade, reyinyon vityèl k ap foki sou enpak potansyèl sou Konimote Jistis Anviwònman an (EJ) ak kijan ou kapab patisipe nan reyinyon yo oswa sigjere yon moun rejwenn Gwoup ki gen enterè k ap travay pou EJ a, klike la: [new.mta.info/project/CBDTP](http://new.mta.info/project/CBDTP)**

**Ekri kòmantè yo sou sit entènèt la: [new.mta.info/project/CBDTP](http://new.mta.info/project/CBDTP)**

**Lapòs: CBD Tolling Program - 2 Broadway, 23rd Floor New York, NY 10004**

**Imèl: [CBDTP@mtabt.org](mailto:CBDTP@mtabt.org)**

**Telefòn: 646-252-7440**

## Aprann plis

Pou w konnen plis sou pwogram lan, soumèt yon kòmantè, oswa enskri pou w resevwa yon imèl pou rete enfòmè, vizite [www.mta.info](http://www.mta.info)